


Medicaid kouvri sèvis doula yo. Èske yon doula apwopriye pou ou?



Kisa yon Doula ye?

- Yon doula bay sipò fizik, emosyonèl, edikatif ak sipò ki pa medikal pou moun ki ansent ak moun ki fin akouche, anvan, pandan ak apre akouchman oswa nan fen gwosès la.
- Sipò Doula pa ta dwe ranplase swen medikal ou jwenn nan men yon pwofesyonèl swen sante ki sètifye.

Ki Sèvis yon Doula Bay?

Sèvis Doula yo ka enkli:

- Devlopman yon plan nesans;
- Sipò regilye pandan tout gwosès la;
- Sipò regilye pandan akouchman;
- Edikasyon ak enfòmasyon sou gwosès, akouchman ak sou lè ou vin paran byen bonè;
- Fasilite komunikasyon ant oumenm ak pwofesyonèl swen medikal ou yo, epi;
- Konekte w ak resous kominotè pou akouchman ak pou lè ou vin paran.

Èske Mwen Elijib pou Sèvis Doula?

- Si w se yon manm Medicaid nan Eta New York, ou elijib pou w resevwa sèvis doula nan chak gwosès.
- Ou ka resevwa jiska 8 vizit yon doula anvan ak apre gwosès ou a epi sipò doula pandan akouchman - kèlkeswa jan gwosès ou a fini an.
- Ou ka resevwa sèvis doula pandan jiska 12 mwa apre gwosès ou a fini.

Ki Kantite Lajan Sèvis Doula yo Ap Koute M?

- Sèvis Doula ke doula ki enskri nan Medicaid yo founi yo p ap koute w anyen.



Aprann plis sou avantaj
sèvis doula yo:
health.ny.gov/doula



Department
of Health
Medicaid